Committee to Protect Journalists
*Defending Journalists Worldwide*

# Ndénkaaney CPJ ci kaarànge: liggéey ci jamonoy mbasum koronaawiris

*Yeesalu ñaar fuk ak juroom ñatt fani awril 2020*

Ci fukki fan ak benn ci weeru maars 2020, kuréel gi yor wérgi yaram ci àdduna bi (OMS) neena lii di COVID-19 bi (Koronaawiris) feebaru mbass la, teg na ci yit ne nit ñi mu dal ci àdduna mu ngi yokku saa su ne

Taskati-xibaar yi ci àdduna ñu ngi def liggéey bu am solo ci yee askan wi ci lu jem ci feebar bi ak nan la réew yi taxawee ci xeex ko, ginnaaw bi ay ngornamaay réew yu bari gàllankooree tasum xibaar ak jotug xibaar gi, ci ni ko CPJ firndeele ci seenum mbind. Ñiy yëngu ci mejaa yi dañuy jànkonteel ay ërtal ak jafe-jafe yu tar, teg ci leeg-leeg- mën nañu ame ci jàngoro ji fépp fu leen seen liggéey yóbbu, wala tukki ak laaj-ak-tontu yi seen liggéey bi laaj, ni ko CPJ waxee ci laaj-ak-tontu bi ñu séq ak taskati-xibaar yi.

Ci ni mbir miy doxe andak xibaar yu yeess saa su ne, njiit yi di nañu wax ci lu jëm ci yeessal digley paj mi ak xibaar yi ñeel mbas mi. Ngir mën a xam lépp lu bees ci digle yi ak tere yi, taskati-xibaar yiy saytu li jëm ci feebar bi war nañuy topp xibaar yiy jóge ci OMS ak ci ñi ŋànk wàll wi ci seeni gox.

Ku namm a am lu wér ci lawug jàngoro ji waxtu wu nekk mën na koo ame ci dal bi tudd Johns Hopkins University Coronavirus Resource Center ndax nekk na barrab bu wóor te mucc ayib ci jottali xibaar ci wàll woowu.

---

## AAR SA BOPP CI BIIR NIT ÑI.

Li bari ci liggéeyu mejaa yi leegi du weessu liy xew ci biir réew yi ndax tere yu yaatu yi nu amal mu ñeel lépp lu jëm ci tuki réew ak réew. **Bépp liggéey jàpp nañu ne ci soppi anam biñu koy defee wala dakkal ko lay mujje ci lu kenn dul teewlu ndax ni mbir mi di lawee fépp ci àdduna.**

Képp kuy waajal liggéey ci jamonoy mbassum COVID-19 war naa bàyyi xel ci ndénkaane kaarànge yii:

## Waajtaayug liggéey bi:

- Ngir mucc ci feebar bi, amal laaj-ak-tontu ci telefon wala ci internet bi saa soo ko mënee, moo gën di jàkkaarloo ak nit ki.

- Centers for Disease Control and Prevention (CDC) di kër giy saytu fagaru ci feebar yi neena màgget yi ak ñi tawat la jàngoro ji gën a jublu. **Soo bokkee ci ñii, warula ngay sóobu ci benn liggéey bu lay yab ci ngay dem ci nit ñi**. Te bépp liggéeykat bu ëmb yit jar naa bàyyi xel.

- Saa su njiit yi di yable kuy jëli xibaar yi jëm ci mbassum COVID-19 war nañuy sóoraale song yi, ni ko BuzzFeed fésalee, ak kii di Àmbaasàdd (dalub farayaŋas) bu Amerig ba nekk Adis Abebaa, xamle ko ci weeru Marsu ne songu nañ fa ay doomi bitim-réew ba gaañ leen.Ba yaakaar nañu ne xew-xew yu ni mel du fa gaawa dakk fileek jàngoro jaa ngi am.
- Waxtaanal ak say njiit ci pexe yi nu tëral ci jàppale la ak taxawu la sula feebar bi dabee ci liggéey bi, di sóoraale yit, ber sa bopp wala / mbaa ñu lesere la / tëj la ci barab diir bu yàgg.

### Sellug Xel:

- Ñi gën a xarañ ci taskati-xibaar yi sax mën nañoo jànkonteek jafe-jafey xel ci sa taataan xibaar ci mbasu COVID-19 bi. Wareef la ci njiit yi ñuy nemmiku seen taskati-xibaar bés bu nekk di seet nuñu def, te dileen taxawu aka jàppale ca namu waree.
- Njaxare ak jaaxle mën naa jap sa waa kër sooy waajal dem liggéeyi ci mbasu COVID-19 bi. Waxtaa-nal ak ñoom ci risk yi akk li leen ci jaaxal.Su ko jaree na sa waa kër tóog ak konseye médikal ba ca sa ligéeyu kaay.
- Taskati-xibaar yi wax nañu CPJ ne suñu demee taataani xibaar yi aju ci Covid-19 bi, seen njaboot ak seeni xarit sax dañuy ragal limu leen mën a jural, ba leeg-leeg duñu ci ànd. Muy lu mën a wàññi pas-pas.
- Sooraaleel janknteel coonoy xel ci wallu liggéey bi ci barab yi COVID-19 am, rawatina sooy taataan xibaar ci fu mel ne fajukaay yi wala berukaay yi, wala barabi lesere yi.Jumtukaay yu am solo ci taskati-xibaar yiy gis giraawaali ci seen liggéey am nañu fii di the DART Center for Journalism and Trauma. Yërël lii di CPJ wallu kaay gui ngir am ci yenenni jumtukaay, lu mel ne taxawu yu muc ayib ci sellug xel jem ci taskati xibaar yiy taataan COVID-19 bi.

## Mucc ci wàllu gi ak wàllaate gi

Réew yu bari dañoo doxal ag dàndante ci diggante nit ñi Sooy taataan xibaar ci barab yu mel ne këri wallu yi wala ngay dem ci yen barab yii ñuy waaj a lim, laajteel balaa ngay dem yan yiirukaay set setal lañu fa tëral. **Bu dalul sa xel bul dem**.

- Bépp xeetu loppitaan
- Kërug màgget ñi
- Kër gu am ku febar, wala ku am jàngoro bumu doon, wala ku ëmb
- Ag kër gu ñuy waajalee way-dawlu yi, fi ñu leen di lakkee, wala bépp liggéeyuwaay buñuy waajalee ab rob.

- Beddiku, beru, wala tëju
- Tanccaloo bi ci dëkkinu taax yu bari nit (ba mel ni bidoŋwiil wala fawelaa)
- Dalub way-làkku
- Ab kasso bu ndaw wala kasso gu magg gu COVID-19 am

**Ay ndékaane yees nangu ngir mucc ci wàllante gi:**

Dàndante ak nit ki lu tollu ci ñaari meetar, te nga bàyyi xel bu baax ci luy nuru woppu noyi lu melni sëqat wala tissooli, lépp luy màndargay feebar. Bul joxe loxo booy nuyóo, te bul lëngoo wala di fóon kenn

- Jéemal taxawee wet sooy def laaj-ak-tontu te bañ a jàkkarloo ak nit ki, te ngay sax di dànd nit ki ñaari meetar yi ñu digle.
- Tass katu xibaar bi war nanu bayi xel saa su ne ci saxal dàndante su dee def laaj-ak-tontu ay mag, akk ñi amee jàngoroy soxaale, képp ku jege woon ku jàngoro ji feeñ ci moom, facc kat yiy facc ñi ame COVID-19,wala ñiy ligéeye ci barab yi feebar bi jublu.
- **Foo tollu ngay raxasook saabu ak ndox mu tàng ba set wecc ci lu tollook 20 seconds.** Te nga fomp say loxo ci nu mu gënë sele. Soo namee xam naka la nuy raxasse loxo bamu set yërël situb OMS
- Ngay jëffandikoo jel wala sèr soo amul saabu wala ndox bu tàng, te nga tegg ci raxasook ndox mu tàng akk saabu ci numu gënë gaawe. (CDC digle na jefendi koo jel bi am alkol te mu epp 60% etanol wala 70% isopropanol.) **Bul weccee raxassu bi akk jëffandikoo jel yamu nu.**
- Mural sa gimiñ ak bakan sooy sëxët wala tisooli. So sëxët tee wala tisooli ci muswaar a seté sanil bu jekk ca mbalit ma te dem raxassu ji ba set.
- Ngay moytu laal sa xarkanam, sa baken, sa gimiñ, ak say nopp, ci nikko BBC xamlee.
- Ngay moytoo nane ci ay kop ak di lekke pakaaki kudu yu keneen jëffandikoo.
- Muural sa bopp bi. Kawar gu kudd yit nga takk te muur ko
- Tekil bépp takaay wala montar balaa ngay jublu ci ligéeyy, ndaxte COVID-19 mën naa dund ci fu nekk ci ay diir yu wuute.
- Sooy takk ay linet dée leen fomp ci saabu ak ndox mu tàng foo tollu.
- Moytul di sol linetu kontak ci liggéey bi, soo ko mëne, ngir moytu mu laalante ak say gëtt ndax jàngoro ji mën na si jaar dug la.
- Tanal yere yi ngay sol, bayi xel am na yere yu gën gaawa sett yeneen. Te soo wacce nga fóot say yere ci ndox mu tàng akk saabu.
- Soo ko mënee bul jendee ak xaalis, te ngay fomb fo tollu say kart bankere/keredi, sa kalpe, ak sa poset.
- Jèemël a deffe say laaj-ak-tontu ci bitti su mënee ne, soo ko mënul nga deffe ko ci neeg bu feex (ubill poranter yi)
- Seetal ndaamaar li lay yombu ak indi sooy liggéeyi. Bul dugg taranspor piblik ci waxtuy xëy ak wacc te ngay laal jel alkol saa soo wacee ndaab, nga bayyi xel ci ki am domu jàngoro ji ngeen bok oto mën na koo wale ñi ci dess.
- Di jël poz te bayi xel ci coono/katan gi, ndax coono day indi tayel ci samonteek set setal. Di soraale ñiy liggéeyi fu sori tay dawal.
- **Te balaa ngay jóge ci barab yi feebar bi tabi na nga raxassook ndox mu tàng ak saabu ba set wecc.**
- Soo yëggee feebar bi, ganaw tàngooru yaram wala ñakk ag noyi, na nga xam foo nara fajoo.Li ëpp ci faju kaay yi wekku ci gornamaan yi da noo digle nga bediku ngir moytu walee gi. So nekke fu bëri feebar bi di nga dajeeg ñu am Covid-19 ci santari fajukaay yi, lu gaaw ci indi wàllante la.

- Tey lekk yapp wu ñor, ak nen bu ñor.

## Li aju ci Kaaràngay jumtukaay

Wer na ni jumtukaay yi doomi jàngoro ji tagg mën na fa jaare law. Ñëppë wara saxoo di fomp aka settal saa su ne.

- Deel jëffandikoo mikoro yu gudd sorri nit ki te bayi tapal kenn ab micro.
- Kuwertiiru mikoro yi daffa laac fomp ak raxass bu sett ci ndox bu tàng ak saabu saa su soo ci pare. **Laac teel/xamlul naka lanuy dindee kuwertiir ci lu mucc ayib ngir moytu difa toxalee jàngoro ji.** Nga moytu jëffandikoo kuwertiir yiy dëssel ngelaw ndax dañoo naqaree settal.
- Jëffandikool deglu kaay yu yomb njëg fooko mëne te nga sani leen soo ci pare*.*
- Jëffandikool gëttu kamera yu gudd ngir mëna samonteek dàndante bi.
- Saa soo ko mënee nga jëffandikoo jumtukaay san fiil mo gën yi andak fiil.
- Xamal ni ngay dence sa jumtukaay ci liggéey bi. Bul bayi dara muy taxawaalu, te nga deloo lu ci nekk fa mu dëkk te tëjj ko (lu mel ni keess ngi ngay yeegge roplan, te mu yomba raxass lool)
- Sudee yomb na la, lëmësal ak palastik jumtukaay yi ngay jëffandikoo. Dina na nèewal domu jagoro tagg ci jumtukaay te dina yombal fomp ak raxass bi.
- Nga yore ay batari sekur yu doy te moytu di resarze fenn ci liggèey bi, ganaw domi jàngoro ji mën na fa jaaré.
- Fompal bépp jumtukaay ak porodiwi yu melni Meliseptol di ray mikorob, tegg ci fomp yeneen yëpp yu mel ni portabal yi, tablet yi, kabal yi, piriis yi, laptop yi, disk ekstern yi, kamera yi, press pass yi ak kordon badsa yi.
- Na la woor ne jumtukaay yëppë sett so leen di deloo, te nga yëgoo ci ak ñi koy saytu ganaw bamu la leere ne taggatu nan ci fomp. Na la wer ne ken deloo si wul ben jumtukaay te yëgoo wu ci ak kikoy saytu di ko settal.
- So yore ndaamaar ci liggeey bi, so wacce na la wer ne raxas kat yu ci tagattu raxass nañu ko birr ak bitti. Te ñu raxas bu baax puwañe mbunt yi, fomp wolan bi, lewiye witèes bi, farin a min bi, séetu bitti yi, reposs tet yi, sentiir sekirite yi, tablo de bor bi, manet yi wacce kayug witer / jafandu kaay / ak buton yepp.

## Nooy raxasse jumtukaay yiy jëffandikoo kuran

Tomb yii mooy wane naka ngay raxasse jumtukaay yiy jëffandikoo kuran.**Na nga jang li ci defar kat bi wax lépp ciy tektal balaa ngay tambali raxass.**

- Roccil/dindil bepp piriss, apaarey, ak kaabal.
- Léep luy xeetu ndox na sori jumtukaay bi, te bul jëffandikoo ayerosol, odesawel, wala luy ñori-yii yëp day yax say jumtukaay
- Bul tumale say aparay muk ak pomp
- Ngay jëffandikoo sër yu dul bayyi tilim te nooy saa sooy fomp.
- Nga gajafal wala guusal sër bi, te BUMU tooy. Dolli ci saabu bombu ko ak sa loxu
- Fompal aparay bi ay yooni yoon
- Bul bayi benn tooyaay ci bunti aparay yi (roofu kaay, fi ngay roof deglu kaay yi, bindu kaay gi.)
- Nga wawal ko ak ser bu set, waw te nooy.
- Yenn defar kat yi santaane nañu ngay fompe ak alkol isopropyl 70% leep lu degar wala ludul siit.

- Sooy settal sa jumtukaay na nga xool ku defar li nga koy setal le, ndax mënees naa yax sa jumtukaay

Ngir gën ci leer lu yëräl fii

## MUURU KAAYU YARAM WAA LOPPITAAN (PPE)

Xam li ci colin ak simi bep muuru kaayu yaramu waa lopitaan (PPE) (lu mel ni ay gãa, maska xar kanam, taabelye / kombinesõo / wala liy muur dàll) dafay àndak sàmmoonte gu mucc ayyib ak ndénkaane yi ci jëm. Bësal fii ngir xam ndénkaane yi bàyyikoo ca CDC. **Toxal jàngoro ji lu gaaw la, kon bul sàggane matukaay yi nu ci tëral**. Lu la leerul nga laaj ki xam mu tàggat la ci balaa ngay dem ci liggéey bi.

Na nga xamit ne ca rèew yu bari muru kaayug yaram waa lopitaan (PPE) neew na fa, jëffandikoo ga mën na indi ñakkam.

- Dèel jëffandikoo màrku PPE waa loppitaan yu baax yi, di sàmmonte ak mbooleem ndénkaane yi. Di setantal jumtukaay yu yàqu yi, ni ko Al Jaazeera fésalee ak yu fóo yi niko interpol indee fii. Màrk yi gën te wóor ñu ngi nii.
- Solal ay gãa sooy liggéey wala ngay seeti ku feebar bi dal fu mel ni loppitaan. Jàppal ni gãa wu nitiril bi moo gën a baax bu lateks bi. Sol ñaari gãa dina yokk kaarànge.
- Sooy liggéeyi fu am riska mel ni loppitaan, dafay laaj nga sol maska ak kombinesõo PPE bu jot sëkk.
- Suko liggéey bi laaje mën ngaa sol ay dàll yooy jëffandikoo benn yoon rekk wala dàllu permeyaabal ci sa kaw dàll, te soo génee ci loppitaan ba nga raxas leen. Su dee dàll permeyaabal nga sol na nga leen summi ci nu mucc ayib balaa nga fay jóge.
- Digle nañu PPE waa loppitaan ñu kay solee ci kanamu ku ci tàggatu, tay fàttaliku ne ci jamono jooju lu ne mën na ci xew ci am jàngoro ji. Widewoo bi bàyyikoo ci jëwriñ ji yor wérgi yaram ca Irlànd lu am solo la, waaye ñu bañ ko weccee ak tàggatu / caytu gi.

Solal **benn yoon kesse lii di gãa yi, kombinesõo, taabalye, murrukaayu dàll. Bépp jumtukaay boo wara jëffandikoo ñari yoon daa wara set wecc**. Te nga sànni PPE wa loppitaan yi yi sellul yépp ci lu mucc ayib **BALAA NGAY JÓGE** ci barab yu am feebar bi.

### Maska xar kanam

Jubóo amu ci ndax ku feebaru COVID-19 bi duggagul war naa sol maska xar kanam ci mbedd mi am deet? Kii di CDC digle na nit ki **muur xar kanam gi ak lu mel ni sër te bañ a sol maska ni ka ca loppitaan**, ndax maska dafa bariwul. Sàngal bakkan bi ak gémiñ gi soo nekke fu bari mboloo. Wante, kii di OMS nee na kanam gi soxla wul a muur budul sa njiiti réew ñoo ko digle; boo nekkee foo xam ne mën nga fa jële feebar bi lu mel ni loppitaan, wala ngay taxawu kuñu njort ne daa am COVID-19.

Solinu maska bi bu jaarul yoon mëness na cee jële jàngoro ji. Am na jàngat bu Lancet def di wone des gi domi jàngoro jiy des ci ay maska ginnaaw juróom ñaari fan ba mu ca tagee. Ba tey it jàngat bi wone na lii di summi, jëffandikoowaat, wala laal sa xarkanam booy sol maska mënees na caa jële jàngoro ji.

Boo de sol maska toppal ndénkaane yi:

- Su mënee nekk, sol maska N95 (wala FFP3) lañu santaane ci kaw maska «oppeerekat».
- Mu wóor la ne maska bi muur na ba daj sa bakkan ba ci sikkim bi bañ a bàyyi poroxndoll.

- Te ngay wat aka toppatoo sa kawaru xarkanam ngir maska bi mën muur fépp.
- Na nga saxóog camonte ga ca war yëp. **Bul laal kanamu maska bi**, soo koy summi nga jàpp ci laf yi, te moytu di ko laal aka defaraat ci lu dul lu jamp. Te nga raxas say loxo saa soo laale maska.
- **Jëfandikoo waat maska am na ay riska yu mag. Saa soo paree ci maska nga fass sani ko mbalit.**
- Te ngay raxas say loxo ci ndox mu tàng ak saabu, wala ndoxum alkol (lu ëpp 60% ethanol wala 70% isopropanol) soo dindee sa maska.
- Su maska bi tàmbalee gajaf/guus nga summi ko te sol bu bees, set te wow.
- Nga bàyyi xel ne sol maska benn la ci pexe yi ngay aare sa bopp. Ban di laal sa gémmiñ, sa bakan, ak say bët ak di raxasso ndox mu tang ak saabu lu ci am solo la.
- Te nga xam it ne maska xarkanam am ko yombul /wala njëg gi mën naa seer loolu ci yenn barab yi.

## Kaarànge ci lënd gi

- Na nga bàyyi xel yenn ci xoqotal yi taskati-xibaar yi di jànkonteel ci lënd gi mën naa jafeel seen liggéey jëm ci taataani xibaari COVID-19 bi. Yëral li ci CPJ indi ci ay doxalin bi gën yu lay muccal ci songaate yooyu.
- Gornamaa yi ak kër yiy liggéey ci xarala yu bees yi ñoo ngi yokk seen liggéey ci topp lawug COVID-19 bi.Ku mel ni NSO Group bokk na ci, ñoo tëgg Pegasus, di ab losisiyel espiyõo bu ñuy jëffandikoo di ci nennu tass katu xibaar yi ci nikko Citizen Lab waxee. Kuréelu liberte ciwil yi ñu ngi mébét ni say yooyu mëness na cee jaar di yëddu ay nit su mbass mi jeexee. Kii di "Transparence Internationale" mu ngi topp la cay xew fépp ci àdduna bi ci seenub dal
- Na nga àndak teey balaa ngay seet dara wala ngay wàccee leen lu joge ci lënd gi te di wax ci COVID-19. Saay-saay yaa ngi pëttaxlu ci njàqare gi dab nit ñi ci mbas mii di ërtal ay nit ak ay mboloo ci songin yu xarañé jëmale ko ci lu mën di jaar ci seeni appaarey di leen yëddu, ci ni ko kureel gii di Electronic Frontier Foundation waxee.
- Ngeen di teeylu su ngeen bëgee yër lenn luy wax ci COVID-19 bi bàyyikoo ci mbaalu-jokkoo yi wala jëfekaay yi ñuy yónnee ak di jot bataaxal yi, daf ci am yu lay këpptal ci ay dal yuy yàq sa appaarey ak ay wiris
- Nga bàyyi xel ci yenn jëfekaay yi di ërtal nit ñi di leen àddukalpe, lu mel ni COVID-19 Tracker.
- Kàrt yiy joxe xibaar bis bu nekk ci COVID-19 bi di bàyyikoo fu wóor fu mel ni OMS, sax ñu ngi naan daañu ànd ak ay wiris yu mën a sàcc sa móodapaas Teeyal ci nguur yiy tasaare xibaar yu wérul, ci ni ko *The Guardian* indee, ak lu mel ni xibaar yu wérul yi jëm ci askan wi, loo xam ni OMS xamle nako ci anam yu leer, teg ci kii di BBC leral na ko. Dalub OMS am na ngindikaay ngir mucc ci yu wérul yooyu.
- Nga teey ci xibaari COVID-19 yiy tasaaroo ci jëfekaay yi ak barabu waxtaan yi ci mbaalu-jokkoo yi ndax mën nañoo doon ay naxembaay.
- Nga bàyyi xel ci ne léegi li nekk ci facebook jëm ci COIVID-19 bi ay nit saytootuñu ko,ay xarala yu ñaw ñoo koy def (IA) di far cig jumte mbind mu wer jëm ci feebar bi.
- Yëral mbaalu-jokkoo yi lu aju waxtaan yi ak mbiri jàmbur yi nga xam lu nuy doyee say mbiri bopp, amuñu ci dara, ak lan moo ci am kaarànge. Nga bàyyi xel yit ni léegi nit ñu baree ngi toog ca seen kër di fa liggéeye, serwis yu bari hackers yi dañu leen di ërtal.
- Bàyyil xel ci risk yi am ci xibaar yiy baawo wala ame ci réew yi nga xam ne nguuru nootànge moo fay dox, nga xam ne dañuy topp lépp lufay jib ci xibaar ci COVID-19 bi. Yenn gornamaa yi sax mën na ñiy nëbb yaatuwaayu feebar bi / wal sax aaye mejaa yi di ci wax, ci ni ko CPJ wone

## Pékke ak Kaarànge ci liggéey bi

Koom-koomu aduna bi yépp daa waññeeku nit ñu baree ngi ñàkk seen liggéey di tàbbi ci ndóol ragal nañu ne pékke dina gën a yokku.

- Réewi taax yu bari da ñoo ne selaw te lii di alkaati yi seen doole waññiku na. Ragal nañu ne defkati pékke yi pëttaxlu ci tër gi. Am na ay defkati pékke yu song ay surnaalist reporteer xeex ak ñoom, ba gaañ leen kon deel farlu ci sa kaarànge.
- Te nga moytu bu baax sooy dem taataani xibaar ci dëkki kaw yi. Nit ña mën nañoo ñaaw njort / wala ñu mer ndax xamu ñu la yaakaar ni da nga faa ñëw indaale feebaru COVID-19
- Nga bàyyi xel ni takk-der yi amalee seen taxawaay ci tereg-génn gi àndak COVID-19 bi, lu mel ne songaate gi, jëfandikoo lakirimosen yi ba ci ay soqi bali kawsu
- Su dee ci kaso wala fuñuy denc nit (centre de detention), surnaalist bi war naa moytu ñi ñu teg loxo ñuy ñaxtu wala di fippu ndax mbasum COVID-19 bi, ci ni ñu ko gise ca Niseerya, Itaali, Kolombi ak ca Eend
- Bàyyil xel ni pékke mën naa yokku, réew yu mel ni Amerig, Irlànd, Eendonesi, Eccopi, Palestin, Somali, ak Irãa, féexal nañu fa ay nit ngir waññi lim bi ci kaso yi ndax feebaru COVID-19.
- Jàppal ni tamit li ñuy dundee nar naa gën di néew, te mën naa yokk siif ak sàcc
- Surnaalist yi di liggéeye réew yi am nguurug nootànge war nañoo sóoraale ne mën nañu leen japp, tëj leen wala ñu génne leen fa ndax tassum xibaar yi ñeel COVID-19 mi leen fa yóbbu ni ko CPJ wonee
- Soo dee dem ligéeyi cim réew (yëral fi suuf), gestul nu fa kaarànge gi tëddee. Fi mu tollu am na ay xew-xew yu tar ak ay ñaxtu yu am ca yen gox ya ca reewi Rissi, Farãs, Beresil, Amerig, Niseer, Boliwi, Israayel, Beresil, Pakistãa Siipar, Riiñõo ak Ukaren.Légg léeg sax COVID-19 bi dafay gëna taral yëngu-yëngu yay xew ca Iràq ak Oŋ-Koŋ

## Ligéeyi réew ak réew

Léegi tukki réew ak réew mujj naa jafe loolu te néew ndax dogal yi ñu ci jël. Bu dee lu mënut a ñakk na nga topp digle yii.

- Nemmikul fépp fuñuy fajoo ca fa nga jëm. Nga jàpp ni liggéeykati loppitaan yi mën nañoo seleŋlu ci lu kenn yëgul ni mu xewee ca Eend, Simbaawe, Koddiwaar, ak Papuwaasi Nuwel Ginne Am PPE néew na wala mu ñakk fa.
- Te nga wóorlu ne fa nga jëm jamono ja ngay fay nekk ñaku buy aare ci jàngoro ji ñakku fa. Bàyyil xel ci fagaroo ñaku girib ngir mën a moytoo jaawale ko ak beneen xeetu jangoro ju la fa dabe.
- Xoolaatal sa asirãasu tukki. Gornamaa yu bari jël nañu seeni mattuwaay yuy dàq tukki réew ak réew. Kii di jëwriñ ji yor bitim-réewum Àngalteer, bu Amerig, ak mu Farãs bokk nañu ci. **Bàyyil xel ne liggéey bu jëm ci COVID-19 bi luy xaw a jafe la**.
- Deel gëstu ndax xew-xew ya ngay waaj a teewe dina amam déet, ndax léegi réew yu bari dañoo tere nit ñuy dajaloo feen wala ay mbooloo.
- Gëstul ba xam fa ngay waaja tukki luñu fa dogal wala/ak luñu fay waaj a dogal ci wàllu dugg beek génn bi. Ay ndogali tere ci ñiy bawoo bitim-réew di tukki ci yeneeni réew dañuy yokk ci jamono yii ñu tollu.
- Na nga fagaru ci lal yeenéeni pexe, bàyyi xel ci dëkk yu mag yi, yenn gox yi, wala ay réewi lëmm mën nañu leen a tëj wala beru am fa ci diir bu gatt bu àndul ak yëgle. Yenn kuréel yi ak yenn njaatige yi yokk nañu seeni matuwaay rawale seeni liggéeykat yi féete fu ne ci àdduna.
- Dig yu bari tëj nañu ci àdduna bi. Tëj yeneen a ciy tegu, muy lu mat a sóoraale ci sa yeneen pexe yi ngay tëral.
- Bul tukki soo feebaree. Naawu yu mag yi ak yu ndaw yépp ak yeneeni barab yu ni mel jël nañu

seen matuwaay yu wóor di seet wérgi yaramu tukkikat yi. Ñiy tukki dina ñu leen seet ci seen wérgi yaram / wala ñu ber leen/ wala ñu ber seen bopp suñu yeggee fa ñu jëm.

- Kenn mënatul tukki fenn ci àdduna ci nimu ko bëggee ndax ropalaan yi dakkal nañu sèen dem ak sèen dikk .
- Na ngay jënd biye buñu la mën a delloo boo ci tukkiwul. COVID-19 bi dafa laal bu baax gafag këri ropalaan yépp, ci ni ko news reports waxe
- Xoolaal li ngay soxlaa yóbbaale. Ñakum marsandiis mi ñuy wax daa xiirtal nit ñi ci jëndi ay maska, doxum alkol, saabu, boyeti konserw, ak këyitu ñëdu. Jappal ne selenlu gu àndak ñàkkum liggéey kat ndax jàngoroy COVID-19 bi mën na laa yokk fitna ci yoon wi.
- Bàyyil xel ci réew yi amul ndox mu doy, fu mel ni reewum Sordani lu ñàkkum ndox mi di yokkoo, jafe-jafe yi gën a bari .
- Xamal nu wutug wiisaa gi tëddee fa ngay waaja dem, xam ne réew yu bari dañoo dakkal maye wiisaa teg ci aj nañu wiisaa yañu jotoon a may ña waroon tukki.
- Seetal ndax réew ma nga jëm dañoo soxla nga wone këyit guy firndeel ne amuloo COVID-19 bi. Yëral fii ngir am ci lula leer.
- Na nga am woyofal say bagaas ci sa yooni tukki te ngay teel a dem ca naawu ba, di sóoraale ne dina fa am ñuy seet sa wérug yaram ak sa tàngooru yaram. Looloo xew itam ca gaar ya ak ca waax ya, ak ca gaaraasu ndàbb ya.
- Nga sàmmonte ak bépp yeesal ca fa nga jem, bàyyi xel ne am na ay réew yu dul bàyyi ay doxan-déem ñuy wàcc ci yenn naawu yeek terminis yi.
- Foo tollu deel saytu xibaari réew ma nga jëm ndax dem baak dikk ba ca biir dëkk ba waññikuwul.

## Soo ñibise ci liggèey bi

- Foo tollu deel seet sa yaram ci lépp luy niru feebar bi.
- Di ngaa soxla ber sa bopp moo gën a wóor soo jogee liggéeyi fu bari risk am feebar bi. Xoolal la dëppoo ak li ci gornamaa ba digle.
- Toppal xibaar yu bees yiy am ci COVID-19 bi, ak tëralin yi aju ci beru ak lesere fa nga jëm ak fa nga jóge.
- Boo xamee fu wallante gi tollu ca réew ma nga nekk, da nga wara am sa surnaal di ci bind turi nit ñi nga jegenteel ak seeni limatu jollasu lu tollook fukki fan ak ñeent (14) soo ñibbi see. Lii dina yombal topaat leen soo tàmbalee gis feebar bi ci yow.

**So yëgee feebar bi**

- Soo yëgee wala nga am feebaru COVID-19, **lumu néew-néew**, wax ko say njiit. Degoo leen ngay dugu diggente fa nga sotale sa liggèey ak sa kër. **Bul tëb rekk jël taksi**
- Toppal digle yi OMS ak CDC indi, woowal ñi yor faj mi ci sa biir dëkk ngir aaru aar say ñoñ
- Soo tàmbalee yëg jàngoro ji bul génn sa kër **lu tollook juróom ñaari (7) fan**. Ci noonu nga mënee aar say ñoñ diirub jàngoro jiy nekk ci yow.
- Ngay sóoraale di sakku ndimbal. Laajal sa njaatige, say xarit ak sa waa kër, loo soxla ñu indil la ko teg ko sa buntu néeg.
- Te ngay dànd nit ñi ñaari meetar si biir kër gi.
- Ngay fanaan yaw dong.
- Soo bokkoon dal ak ñeneen, dañoo wara beru ñoom ñépp fukki fan ak ñeent (14). Ay tegtal yu ci aju yu am soloo ngi nii . Te nga moytu bu baax na ngay demee ca sangukaay ba, ca ginnaaw kër ga, ak ca waañ wa, ngir moytu wàlle.
- **Raxasal loxo yi bañu set wecc ak saabu ak ndox mu tàng lu tolloog 20 segond**.
- Te looy gën a sorri ñi amul kàttan ñu mel ni màggat ñi ak boroom feebaru sooxaale yi mu gën a baax.
- Soxlawul ngay woo say njiiti réew ngir beru ginnaaw bi nga yëggee ni feebar bi dala gën a jàpp ci

diggante bi.

Aarukaay CPJ gi nekk ci lënd gi dina jàppale taskati-xibaar yi ci jumtukaay yi ñu soxla ci liggéey bi, ci lënd gi ak sellum xel, boole ci taataani eleksiyon ak yëngu-yëngu ci biir réew yi.